



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYA DOLA POU BAY 1.5 MILYON NOUYÒKÈ
YON ASIRANS SANTE ABÒDAB**

*Elijiblite ki elaji dapre Egzansyon Federal pou Inovasyon Eta a asire plis Nouyòkè
kouvri kounye a nan kad Plan Esansyèl Eta a*

Nouvo Enskri yo nan Plan Esansyèl la pral ekonomize plis pase 6,100 dola pa ane

New York resevwa pi gwo prim pou Egzansyon Inovasyon Eta nan peyi a jiska dat

Finansman yo resevwa atravè Lwa sou Swen Abòdab

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York te resevwa yon angajman final 10 milya dola nan men gouvènman federal la pou bay anviwon 1.5 milyon Nouyòkè asirans sante bon jan kalite ak abòdab. Apre yon defans soutni Gouvènè a, New York te jwenn finansman sa a gras ak Egzansyon federal pou Inovasyon Eta a. Angajman 10 milya dola yo te resevwa jodi a make pi gwo prim Egzansyon Inovasyon Eta nan peyi a jiska prezan.

"Lè nou garanti investisman prensipal nan peyi sa a, nou ap agrandi asirans sante abòdab pou Nouyòkè yo epi nou ap kontinye jere pri lavi nan kominote yo nan tout eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pa pral janm sispenn goumen pou asire Nouyòkè yo jwenn bon jan kalite swen yo bezwen."

Angajman finansman sa a swiv anons anvan Gouvènè a te fè konnen New York te ogmante nivo kalifikasyon pou Plan Esansyèl (Essential Plan) la, yon pwogram asirans sante piblik ki te ofri atravè Eta Sante NY. Elijiblite ki elaji a te asire plis pase 200,000 Nouyòkè anplis yo fèk kouvri anba Plan Esansyèl ane sa a, sa ki fè yon total apeprè 1.5 milyon moun ki kouvri nan tout eta a.

Yo estime nouvo moun ki enskri nan Plan Esansyèl yo ap ekonomize 6,100 dola chak ane konpare ak sa yo t ap peye pou kouvèti komèsyal yo.

Enskripsyon nan tout eta a gen ladan:

Rejyon	Kantite moun ki enskri nan plan esansyèl yo
NYC Metro	919,107
Long Island	198,602
Northern Metro	76,107
Mid-Hudson	46,156
Northeast	45,878
Utica-Adirondack	34,778
Central	43,273
Finger Lakes	43,041
Western	90,907
Montan Total	1,497,849

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen te goumen pandan plizyè ane pou rann swen sante pi abòdab pou fanmi nan New York yo e mwen fyè dèske m te jwenn yon lòt 1 milya dola pou diminye prim ak depans swen sante pou Nouyòkè yo nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an. Sa a se yon vrè lajan ki tounen nan pòch Nouyòkè yo ak kè poze ke swen sante yo pral abòdab lè yo bezwen li."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Angajman 10 milya dola sa a pral ede asire plis fanmi nan New York gen aksè a swen sante yo merite san yo pa kraze bank lan, e mwen fyè dèske m te vote pou Lwa Rediksyon Enflasyon an pou ede rann sa posib. Mwen pran angajman pou elaji swen sante ak rann li pi abòdab pou tout fanmi nan New York epi mwen pral kontinye goumen nan nivo federal pou tout Nouyòkè yo gen aksè a bon jan kalite swen sante abòdab lè yo bezwen li."

Lidè Demokrat Chanm lan, Hakeem Jeffries, te deklare, "Okenn moun pa ta dwe chwazi ant mete manje sou tab ak peye pou tretman medikal ki sove lavi. Envestisman federal 10 milya dola sa a se yon chanjman nan jwèt pou soulaje fado gwo depans swen sante pou plis pase 1 milyon Nouyòkè ak fanmi yo. Mwen rekonesan anvè administrasyon Biden-Harris pou travay yo fè nan sekirize finansman sa a ak pou patenarya yo nan mete Lwa sou Rediksyon Enflasyon an vigè pou diminye depans yo epi ranfòse Lwa sou Swen Abòdab pou pwoteje kouvèti swen sante pou plizyè milyon Ameriken."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou m selebre adisyon enpòtan sa a nan finansman ki pral ede plis pase yon milyon Nouyòkè ekonomize plizyè milye chak ane sou depans swen sante. Gras ak Lwa sou Swen Abòdab, nou ap pran etap enpòtan yo pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a swen abòdab ak bon jan kalite

yo merite. Lè nou agrandi pwoteksyon anba Plan Esansyèl la, nou ap pwoche pi pre yon avni kote swen sante se yon dwa, se pa yon privilèj. Mwen fyè de angajman kontinyèl nou pou bay chak rezidan sipò yo bezwen pou mennen yon vi ki an sante ak pwodiktif."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Tout moun merite asirans sante abòdab ak bon jan kalite kèlkeswa eta sante yo. Envestisman sa a pral pèmèt Nouyòkè yo kenbe ak amelyore sante yo san yon fado finansye. Nan lespri Lwa sou Swen Abòdab, New York pral kontinye ogmante finansman egzansyon 1332 pou pouswiv estrateji inovatè ki bay rezidan nou yo asirans sante bon jan kalite abòdab."

Direktè Egzekitif NY State of Health la Danielle Holahan, te deklare, "Gras ak Otorite Egzansyon a Inovasyon Eta Seksyon 1332 Lwa sou Swen Abòdab, Eta sante NY State kapab bay 1.5 milyon Nouyòkè asirans sante ak 0 dola prim, ekonomize pa moun ak fanmi yo plis pase 6,100 dola nan lajan yo di yo touche chak ane. Nou pral kontinye travay ak patnè federal nou yo pou chèche fason inovatè pou kenbe Nouyòkè yo an sante san yo pa blese pòch yo."

10 milya dola nan finansman federal pou 2024 gen ladan apeprè 1 milya dola ki te posib gras ak Lwa federal sou Rediksyon Enflasyon an (IRA). IRA te pwolonje disponiblite sibvansyon kredi taks prim ki amelyore, ki gen pou ekspire an 2025 si Kongrè a pa aji. [Sibvansyon Prim IRA Ameloyre](#) te yon sous finansman enpòtan, ki pèmèt New York elaji kouvèti abòdab epi reyalize enskripsyon rekò.

Nan dat 1ye avril 2024, New York te ogmante nivo kalifikasyon pou Plan Esansyèl la, yon pwogram asirans sante piblik ki te ofri atravè NY State of Health. Plan Esansyèl la disponib kounye a pou Nouyòkè yo ak revni ki rive jiska 250 pousan Nivo Povrete Federal la, 37,650 dola revni anyèl pou yon moun an 2024. Agrandisman sa a te soti nan aplikasyon Seksyon 1332 Egzansyon Inovasyon Eta New York la, [apwouve](#) pa Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini ak Depatman Trezò Ameriken an nan dat 1ye mas 2024. Gras ak egzansyon an, apeprè 1.5 milyon Nouyòkè atravè Eta a ap resevwa kouvèti asirans plan sante ak 0 dola prim ak pataje pri ki ba oswa gratis. New York te resevwa pèman pwovizwa nan mwa avril ak out ki te pèmèt yon lansman alè nan ekspansyon pwogram lan nan mwa avril 2024.

Prezidan Asosiyasyon Lopital Greater New York, Kenneth E. Raske, te deklare, "Nou bat bravo pou Depatman Sante Eta New York paske l plis elaji kalifikasyon Plan Esansyèl. Devlopman enpòtan sa a pral pèmèt plis Nouyòkè jwenn aksè nan yon kouvèti sante konplè ki abòdab. Kominote lopital la te sipòte Plan Esansyèl New York ak tout fòs depi li te kreye paske li bay yon kouvèti konplè pou Nouyòkè ki pa gen anpil revni ki pa kalifye pou èd medikal."

Sosyete Sèvis Kominotè New York VP pou Inisyativ Sante Elisabeth R. Benjamin deklare, "Plan Esansyèl la se yon don pou Nouyòkè yo ki ap lite pou jwenn bon jan kalite pwoteksyon sante abòdab. Finansman federal sa a pral ede amelyore

konsepsyon pwogram lan nan yon fason pou Nouyòkè yo ka jwenn yon vi ki pi an sante pandan yo ap diminye ekspozisyon yo ak dèt medikal."

Prezidan ak Direktè Jeneral Asosyasyon Plan Sante New York Eric Linzer te deklare, "Finansman sa a enpòtan anpil nan efò kolektif nou yo pou rann kouvèti abòdab disponib pou plis Nouyòkè atravè Plan Esansyèl la. Angajman gouvènman federal la chita sou patenarya ki gen siksè ant plan sante ak Eta a ki te fè New York vin yon lidè nan elaji kouvèti asirans pandan li ap bay resous pou elimine disparite nan sante, epi nou espere travay ak Administrasyon Hochul la nan fè pwomès egzansyon an vin yon reyalite."

Prezidan ak Direktè Jeneral Asosyasyon Swen Sante Kominotè Eta New York (CHCANYS) Rose Duhan te deklare, "CHCANYS bat bravo pou Eta Sante NY ak gouvènman federal la pou ekspansyon revolisyone kouvèti sa a. Kouvèti konplè abòdab pou Nouyòkè yo amelyore aksè a bon jan kalite swen prensipal yo bay nan sant sante kominotè yo epi ogmante kapasite sant sante yo pou yo ranpli misyon yo pou bay tout moun swen. CHCANYS sèvi kòm yon Navigatè pou mache NYSOH pou avanse objektif nou pataje pou asire tout Nouyòkè yo jwenn swen sante yo bezwen an."

Direktè Leukemia & Lymphoma Society ak Règleman Piblik Eta a, Steve Butterfield, te deklare, "Leukemia & Lymphoma Society yo kontan wè New York anbrase yon pwogram vrèman inovatè, premye nan tip sa a. Pasyan kansè nan san, fanmi yo, ak lòt konsomatè nan New York benefisye lè yo ka konte sou kouvèti ki estab ak abòdab, ke pwogram sa a pral bay. Nou espere wè lòt eta yo aprann nan egzansyon sa a epi pouswiv modèl menm jan an kote yo kapab."

Rezo American Cancer Society Cancer Action Network (ACS CAN) Direktè Egzekitif Relasyon Gouvènman Michael Davoli te deklare, "Nou pa janm kapab epi nou pa pral janm tounen nan jou kote pasyan kansè yo pa ta kapab jwenn asirans sante paske yo pa t kapab peye li oswa yo refize pwoteksyon jis paske yo te siviv kansè. Lajan adisyonèl New York te resewa akòz egzansyon Seksyon 1332 Inovasyon Eta pral ede asire plizyè milyon Nouyòkè ki ap goumen kont kansè ka jwenn aksè nan swen yo bezwen."

Seksyon 1332 Egzansyon Inivasyon Eta pèmèt eta yo pouswiv estrateji inovatè pou bay rezidan yo aksè a asirans sante bon jan kalite a ki abòdab. Yo te apwouve egzansyon New York pou senk ane, soti 2024 jiska 2028. Kantite lajan finansman pou 2025 jiska 2028 yo pral detèmine sou yon baz ane pa ane.

Konpleman egzansyon 1115 Demonstrasyon èd medikal New York ki fèk apwouve, egzansyon 1332 sa a New York ap chèche tou adrese detèminan sosyal sante pou moun ki enskri nan Plan Esansyèl yo. Finansman egzansyon an pral sipòte sibvansyon ki adrese ensekirite alimantè, tankou atravè famasi manje ak repa ki adapte medikalman, epi li pral sipòte moun ki enskri ki gen opresyon ki pèsistan lè li ba yo èkondisyon pou pwoteje sante yo epi redwi kantite vizit Depatman Ijans yo. Egzansyon sa a pral sipòte tou sibvansyon bay konpayi asirans yo pou ogmante aksè ak founisè ak

sèvis sante konpòtmantal, tankou inite mobil kont kriz yo, sant devyasyon kriz, ak sant sekou nan ka kriz.

Nivo pwoteksyon ki wo New York yo se rezilta tou nan modèl mache konplètman entegre Eta a, atravè pwodwi asirans sante piblik ak prive, ki pèmèt Eta a kenbe pi wo nivo pwoteksyon paske moun yo ka chanje pwogram san pwoblèm lè revni yo oswa sikonstans fanmi yo chanje.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou Egzansyon pou Inovasyon Eta konsènan seksyon 1332 a, ki gen ladann yon fich enfòmasyon sou egzansyon New York la, sou sitwèb CMS la [isit la](#).

Ou ka jwenn enfòmasyon sou egzansyon pou Atik 1332 New York la [isit la](#).

Ou ka jwenn enfòmasyon sou Avantaj Plan Esansyèl yo ak Gri Pataj Pri yo [isit la](#).

Konsènan Eta Sante NY

New York te ouvri Mache Plan Asirans Sante li a, NY State of Health, nan mwa oktòb 2013. Eksperyans acha asirans sante nan yon gichè inik Marketplace la ofri bon jan kalite plan sante konplè. NY State of Health, yon divizyon Depatman Sante Eta New York, se sèl kote konsomatè yo ka kalifye pou èd pou peye pou pwoteksyon atravè rabè prim oswa kredi taks. Nouyòkè ki elijib yo kapab tou enskri nan Medicaid, Child Health Plus, ak Plan Esansyèl la atravè Marketplace la pandan tout ane a. Pou plis enfòmasyon sou NY State of Health Marketplace, tanpri vizite: <https://nystateofhealth.ny.gov/> oswa rele Sèvis Kliyantèl la nan 1-855-355-5777, TTY: 1-800-662-1220 oswa jwenn yon asistan enskripsyon.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)